

Esterilè Copper T



Sa pou espere pandan kèk premye mwa:

Pandan kò ou ap vin abitye avèk yon esterilè, li nòmal pou gen:

- **Senymen** – ouka gen senymen menm lè ou pa gen règ ou apre ou resevwa yon esterilè. Senymen sa a kapab anpil, tankou yon règ ki lejè anpil. Sa ap vin pi bon apre yon peryòd tan.

Sa ou kapab fè: ktoujou gen sèvyèt ijyenik nan valiz ou. Se yon bon lide pou gen bagay sa yo pou sizoka ou senyen san ou pa espere sa.

- **Lakranp** – ou ka gen lakranp pandan kèk premye mwa apre ou resevwa yon esterilè IUD. Sa ap vin pi bon apre yon peryòd tan.

Sa ou kapab fè: pran medikaman tankou Motrin oswa Advil, oswa kouche avèk yon twal oswa tanpon cho sou vant ou.

- **Doulè pandan w ap fè bagay oswa apre** – ou ka santi doulè pandan w ap fè bagay oswa apre ou fè bagay apre ou pran yon IUD. Sa pral amelyore ak apre yon ti tan.
- **Sa ou kapab fè:** chanje pozisyon pandan w ap fè bagay.

Pandan ou gen Esterilè Copper T:

- **Ou ka gen règ yo ki vini anpil** – kèk moun remake yo senyen plis pandan règ yo oswa règ yo dire yon jou oswa plis pase yo konn dire.
- **Tcheke fil ou yon fwa pa mwa** – de fil tache nan anba esterilè ou. Ou kapab santi fil sa yo depi ou antre dwèt ou lwen andedan vajen ou. Tcheke fil sa yo 2 jou apre règ ou chak mwa.
- **Si ou pa kapab touche fil yo avèk dwèt ou** – pa gen pwoblèm si ou pa kapab touche fil yo pandan kèk jou. Pafwa yo difisil pou touche paske yo lwen anpil andedan vajen an. Eseye akoupi oswa mande yon patnè pou ede ou
- **Si patnè ou santi yo pandan sèks** – pifò patnè ap santi fil yo mwens apre yon peryòd tan. Oumenm oswa patnè ou kapab pouse fil yo pi lwen dèyè avèk dwèt ou oswa eseye chanje pozisyon pandan w ap fè bagay.

Ou ta dwe rele doktè ou si ou:

- **Pa kapab santi fil ou yo pandan plis pase yon semèn** – pafwa ou p ap kapab santi fil ou yo avèk dwèt ou paske yo kapab pouse dèyè matris la (ki dèyè vajen an). Sa nòmal , men si yon semèn pase epi ou toujou pa kapab santi fil ou yo, rele doktè ou.
- **Santi pwent plastik esterilè a** – sa vle di esterilè a kòmanse soti epi li pa travay byen pou anpeche ou ansent. W ap bezwen ale nan klinik doktè ou pou li fikse esterilè a Itilize yon metòd sekou, tankou kapòt, epitou planifye yon vizit avèk doktè ou san pèdi tan.
- **Si ou rate** règ ou – Esterilè Copper T pa fè règ ou ale. Li nòmal pou sote yon règ yon fwa nan yon peryòd tan, men li enpòtan pou vini nan klinik lan pou asire ou pa ansent.
- **Si ou gen dechaj vajinal ki bay move odè** – li nòmal pou dechaj vajinal ou chanje apre ou resewva yon esterilè, men si dechaj la gen move odè oswa si li gen koulè jòn, koulè vèt, gliyan, oswa si ou santi li ba ou demanjezon, rele doktè ou. Sa ka vle di ou gen yon enfeksyon.
- **Si ou gen lakranp oswa doulè ki di anpil epi ki pa ale avèk medikaman** – li nòmal pou gen lakranp pandan kèk mwa apre ou resewva yon esterilè, men si doulè a di anpil oswa si li pa ale avèk medikaman, rele doktè ou.

Pou kisa ou ta dwe toujou sèvi ak kapòt:

- Esterilè se youn nan pi bon fason pou evite gwo sès, men li pa pwoteje ou kont enfeksyon moun pran nan relasyon seksyèl (sexually transmitted infections, STI). Li enpòtan pou kontinye sèvi ak kapòt menm apre ou gen yon esterilè. Li enpòtan tou pou asire oumenm mak patnè ou teste sou van pou STI yo.
- Itilizasyon kapòt ap fè esterilè ou menm pi bon nan anpeche ou vin ansent!

Pale avèk edikatè CHN ou si ou gen plis kesyon!